

TOUT MOUN BYENVENI ISIT LA

# Yon Gid pou Bibliyotèk Piblik Brooklyn


## KAT BIBLIYOTÈK

Kat Bibliyotèk yo pou tout moun epi yo gratis.

Ou kapab itilize kat ou a pou prete materyèl fizik, liv elektwonik ak liv sou fòm odyo, epitou pou gen aksè ak resous aprantisaj ki sou entènèt la. Ou kapab itilize l tou pou rezève yon òdinatè, pou enprime ak pou fè kopi. Ou kapab itilize kat bibliyotèk ou a nan nenpòt sikisal lokal nan Brooklyn.

🌐 [bklynlibrary.org/use-the-library](https://bklynlibrary.org/use-the-library)

🌐 [bklynlibrary.org/locations](https://bklynlibrary.org/locations)



## LÈ W AP PRETE MATERYÈL FIZIK

Ou kapab prete jiska 50 materyèl fizik, ak jiska 10 tit telechajab (liv elektwonik ak liv sou fòm odyo) yon sèl kou. Ou kapab prete liv, liv elektwonik, DVD ak CD pou twa semèn. Ou kapab prete magazin pou yon semèn. Ou kapab renouvle yon materyèl fizik jiska 15 fwa toutotan pa gen yon lòt moun k ap tann li.

🌐 [bklynlibrary.org/borrow](https://bklynlibrary.org/borrow)

## POU REZÈVE MATERYÈL

Ou kapab rezève nenpòt materyèl lè w vizite oswa lè w rele bibliyotèk la oswa lè w konekte w sou kont ou an sou entènèt la. N ap voye materyèl fizik yo nan nenpòt sikisal Bibliyotèk Piblik Brooklyn. Bibliyotèk la pral voye imèl, mesaj tèks ba ou oubyen l ap rele ou lè materyèl ou a pare. Ou gen sèt jou pou pase pran materyèl ou yo.

🌐 [bklynlibrary.org/my-account](https://bklynlibrary.org/my-account)

Pou jwenn yon lis konplè pou règleman bibliyotèk la, vizite nou sou entènèt la nan [bklynlibrary.org/borrow](https://bklynlibrary.org/borrow)


## POU RETOUNEN MATERYÈL

Lè w ap prete materyèl fizik yo, resi w la ap make sou li dat pou remèt materyèl ki nan men w yo. Bibliyotèk la pral voye notifikasyon tou lè dat pou remèt materyèl ki nan men w yo rive oswa lè dat la pase. Yo voye rapèl yo nan imèl, mesaj tèks oswa pa telefòn. Ou kapab verifye dat la (yo) pou remèt materyèl ki nan men w yo nenpòt lè, epitou, ou kapab mete ajou preferans ou pou notifikasyon yo, lè w konekte w sou [bklynlibrary.org/my-account](https://bklynlibrary.org/my-account)

Retounen materyèl bibliyotèk ki nan men w yo nan nenpòt sikisal Bibliyotèk Piblik Brooklyn nan lè fonksyonman yo. Epitou, gen plizyè sikisal ki gen espas eksteryè pou depoze liv yo, kidonk ou kapab retounen materyèl yo menm lè sikisal la fèmen.

🌐 [bklynlibrary.org/my-account](https://bklynlibrary.org/my-account)

🌐 [bklynlibrary.org/locations](https://bklynlibrary.org/locations)



## FRÈ AK MATERYÈL KI PÈDI

Nou chaje frè pou reta kotidyen yo, men n ap konsidere nenpòt materyèl ou pa retounen nan lespas 14 jou apati dat ou dwe remèt li a kòm materyèl ki pèdi. N ap chaje w pri sa koute pou ranplasman materyèl la. N ap retire frè yo lè w retounen materyèl la.

Ou p ap kapab prete okenn lòt materyèl fizik toutotan nou pa retire frè yo. Ou kapab peye frè yo nan nenpòt sikisal Bibliyotèk Piblik Brooklyn ak lajan kach, kat kredi oswa chèk oubyen w ka fè sa sou entènèt la avèk yon kat kredi oswa yon kat debi.

🌐 [bklynlibrary.org/fees](https://bklynlibrary.org/fees)

**Bklyn**  
Public Library

## PWOGRAM

Bibliyotèk Piblik Brooklyn ofri divès kalite pwogram gratis pou moun tout laj.

### Pwogram pou Adilt

- Aprann Anglè gras ak ESOL (Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang) ak gwoup konvèsasyon yo
- Èd pou jwenn travay ak èd nan domèn karyè
- Kou lekti ak ekriti
- Èd jiridik pou zafè imigrasyon
- Kou enfòmasyon
- Kou Ekivalans Lekòl Segondè

### Pwogram pou Jèn ak Fanmi

- Lè pou rakonte istwa nan plizyè lang
- Pwogram pou lekti ak aprantisaj pou tibebe, timoun piti ak pou timoun ki gen laj pou ale lekòl
- Èd avèk devwa pou fè lakay
- Aktivite kiltirèl
- Opòtinite volontarya pou jèn
- Pwogram teknoloji pou adolesan

 [bklynlibrary.org/calendar](http://bklynlibrary.org/calendar)

## ANPLWAYE AK SÈVIS

Anplwaye Bibliyotèk Piblik Brooklyn yo pral:

- Founi yon espas ki akeyan
- Pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou yo
- Trete tout kliyan nan fason ki ekitab, poli e avèk respè
- Ede w jwenn resous ak enfòmasyon
- Bay tout moun sèvis san yo pa fè diskriminasyon akòz laj, ras, gwoup etnik, relijyon, idantite seksyèl, estati imigrasyon, oryantasyon seksyèl, ak/oswa andikap fizik



Pou jwenn lis konplè nou an pou règleman bibliyotèk la, ale sou [bklynlibrary.org/policies](http://bklynlibrary.org/policies)

## KESYON AK REPONS

### Kijan m kapab gen aksè ak kont mwen an?

Konekte w avèk kòd-ba ak PIN ou sou sitwèb nou an, pandan w ap itilize aplikasyon mobil nou an oswa kyòsk sèvis lib la ki nan nenpòt sikisal Bibliyotèk Piblik Brooklyn.



### Ki PIN bibliyotèk mwen an?

PIN pa defo w la se dat nesans ou, kote de chif reprezante mwa a epi de chif reprezante jou a. Pa egzanp, si dat nesans ou se 13 oktòb, modpas pa defo w la se 1013.

### Èske mwen kapab itilize yon òdinatè nan bibliyotèk la?

Wi, rezève yon seyans òdinatè avèk kat bibliyotèk ou a.

### Èske mwen kapab enprime oswa fè fotokopi?

Wi, chak paj nwa e blan se \$0,10 epi chak paj koulè se \$0,50. Ou kapab enprime apati yon òdinatè nan bibliyotèk la oubyen w ka voye dokiman yo apati pwòp aparèy ou pou yo enprime yo pou kapab pase pran yo nan nenpòt sikisal Bibliyotèk Piblik Brooklyn. Ale sou [bklynlibrary.org/print](http://bklynlibrary.org/print)

### Èske w gen koneksyon WiFi?

Wi, ou kapab konekte sou WiFi gratis nan nenpòt lokal Bibliyotèk Piblik Brooklyn (ou pa bezwen kat bibliyotèk pou sa). Gen plizyè sikisal ki gen yon siyal WiFi ki pwolonje pou w kapab gen aksè ak WiFi gratis lè w deyò a.

### Èske w gen materyèl ki disponib nan lang mwen pale a?

Chèche katalòg Bibliyotèk Piblik Brooklyn la nan lang ou pale a oswa seleksyone lang w ap chèche a nan [bklynlibrary.org/catalog](http://bklynlibrary.org/catalog)

### Kijan m kapab jwenn yon pwogram?

Mande yon anplwaye pou ede w oswa ale sou [bklynlibrary.org/calendar](http://bklynlibrary.org/calendar)

### Èske yon kat bibliyotèk kapab ekspire?

Wi, w ap gen pou renouvle kat la chak tan. Ale sou [bklynlibrary.org/renew](http://bklynlibrary.org/renew)

### E si m pèdi kat bibliyotèk mwen an?

Fè yon anplwaye konn sa lè w rele oswa vizite bibliyotèk lokal ou a oubyen ale sou [bklynlibrary.org/contact](http://bklynlibrary.org/contact)